



# PARAN AK FANMI AP KOLABORE ANSAM

Gid Pou Fanmi Etidyan Premye Generasyon




# BYENVINI NAN **FLORID**

**NOU FELISITE ETIDYAN OU AN DESKE LI RANTRE** nan youn nan inivèsite ki gen plis prestij nan peyi a. Dokiman sa se yon gid ki ap asire ou enplike nan karyè etidyan ou a pral fè nan Inivèsite Florid la. Etidyan premye jenerasyon yo souvan gen anpil konpetans ki ap sèvi yo pou yo fè yon pi bon eksperyans nan inivèsite. Kapasite pou adapte, rezilyans, konfyans nan tèt yo, entèlijans ak sans responsabilite, se tout kalite sa yo ki ap pèmèt etidyan premye jenerasyon yo mete tèt yo deyò. E tout sa ap posib gras ak lesон yo te aprann nan men ou, kòm manm fanmi yo ak bourad w ap kontinye ba yo.


Nan Inivèsite Florid la, nou selebre tout kalte idantite ki reyini nan mitan plis pase 50,000 etidyan nou yo. Nan tout peyi a, anviwon 20% etidyan ki nan premye ane nan inivèsite se premye moun nan fanmi yo ki rive nan nivo sa. Etidyan sa yo rele etidyan premye jenerasyon ki nan inivèsite. Lè yo randre nan inivèsite, etidyan premye jenerasyon sa yo trase yon nouvo wout pou fanmi ak kominate yo.

Nou rekonèt tranzisyon pou soti nan lekòl segondè epi randre nan inivèsite se yon adapsyon ki diferan pou chak etidyan. Sitou lè etidyan an se premye moun nan fanmi li ki franchi etap sa, ekperyans la kapab pote pasyon, ankourajman oubyen gwo defi pou li pou menm jan ak pou fanmi li. Objektif gid sa se pou ede w aprann plis enfòmasyon sou Inivèsite Florid la e ofri w bon jan estrateji pou w kapab ede e sipòte etidyan ou an nan etid li yo.



## 7 LESON

# ENPÒTAN POU ETIDYAN OU AN



DAPRÈ EKSPERYANS NOU FÈ DEJA AK ETIDYAN PREMYE JENERASYON YO, nou dekouvre 7 konpetans etidyan yo devlope e aplike pou yo kapab reyisi nan etid yo e nan lavi a aprè inivèsite. Nou kòmanse gid sa pou nou prezante w 7 konpetans sa yo paske nou konnen ou vle ankouraje etidyan ou an pou li reyisi nan Inivèsite Florid la.

## 1 PA JENNEN POU MANDE ÈD AK SIPÒ

Nou mete anpil resous disponib pou etidyan w lan kapab byen pwofite eksperyans akademik sa nan Inivèsite Florid la. Sèvis sa yo valab pou tout etidyan, men nou sitou rekòmande etidyan premye jenerasyon yo pou pa neglige itilize yo.

- Nou pwopoze konsèy akademik pou tout domèn etid yo nan Inivèsite Florid la. Avèk san randevou, etidyan yo kapab rankontre konseye akademik yo pou diskite avèk yo sou kondisyon pou yo genyen diplòm yo, kou pou yo chwazi epi tout lòt soussi yo genyen konsènan etid yo. Konseye akademik yo jwe menm wòl ak konseye pedagojik nan lekòl primè yo.
- Inivèsite Florid la genyen yon Sant pou Aprann Ekri Disètasyon. Sant sa genyen ladan I etidyan metriz ak doktora ki ap bay kout men nan korije tèks epi ede lòt etidyan yo amelyore konpetans yo nan ekri tèks.
- Biwo Sipò Akademik la ofri divès pwogram pou akouraje etidyan eksperimente yon aprantisaj kote y ap rive atenn objektif akademik yo epi mete an vale tout kapasite yo.
- Pwofesè ak Asistan Pwofesè rezève tan nan biwo yo pou yo kapab rankontre e travay ak etidyan yo sou matyè yo fè nan klas yo, preparasyon egzamen e pwogrè yo nan klas la. Etidyan yo ap jwenn nan silabis kou yo (se plan kou yo bay etidyan yo nan kòmansman chak kou) tout enfòmasyon sou lè pwofesè yo disponib nan biwo yo. Etidyan ki pwofite rankontre ak pwofesè nan biwo yo non sèlman ogmante chans yo pou yo reyisi kou yo, men tou jwenn okazyon pou batî relasyon solid ak pwofesè yo ki kapab vinn jwe wòl menntò pou yo.
- Nan the Broward Teaching Center, gen responsab ki disponib pou ede etidyan yo nan kèk matyè tankou matematik, syans, jeni, ak disètasyon.

### → SIJÈ POU FANMI YO DISKITE

#### LI ENPÒTAN POU OU BAY ETIDYAN OU AN BON JAN SIPÒ NAN MOMAN L AP ADAPTE LI NAN NOUVEL VI SA NAN INIVÈSITE

A. Ou kapab ede I pandan w ap montre ou disponib pou li nan moman li strese e debòde ak travay. Li nòmal pou yon etidyan pase nan peryòd adaptasyon sa pou li kapab rive abitye tout bon ak egzijans akademik ki genyen nan inivèsite. Fason kou yo fèt nan inivèsite egzijan anpil. Nan sans sa, menm etidyan ki plis entèlijan yo oblige fè anpil jefò e chanje metòd travay yo. Echwe nan yon egzamen oubyen rate yon devwa se yon bagay ki difisil pou yon etidyan akpsepte. Men li nòmal si ensidan sa yo rive. Fè efò pou w toujou rete pozitif lè w ap diskite ak etidyan w lan. Si etidyan potko rankontre ak pwofesè I la, konseye I pou li komanse fè sa. Ankouraje etidyan w pou li patisipe nan randevou nan biwo ak pwofesè yo. Mande etidyan w lan pou li chache konsèy nan men konseye pedagojik yo. Menm Carrer Connections Center a kapab bay etidyan yo èd lè yo bezwen konnen si domèn etid yo chwazi yo koresponn vrèman ak kapasite e enterè yo. Anpil fwa, etidyan konn deside chanje domèn etid yo epi pran lesон pou ranfòse kapasite yo nan domèn yo gen feblès. Lè etidyan w lan mande èd, sa montre li pran etid li yo oserye. Si ou sipòte I e ankouraje I nan sans sa, sa ap ede li mete plis konfyans nan pwosesis la.

#### DISKITE AK ETIDYAN W LAN SOU:

- Devlope bon abitud pou etidye
- Diskite ak pwofesè yo nan biwo yo
- Chache yon moun pou travay avèk li
- Jwenn bon jan teknik pou pran nòt nan kou yo
- Fè gwooup ak etidyan parèy li yo pou travay ansanm



## KAPASITE POU FÈ EKILIB ANT PLIZYÈ RESPONSABILITE

Fè etid nan invèsite se pa sèlman chita nan klas pou swiv kou. Nou rete kwè etidyan ou an te abitye patisipe nan aktivite deyò lekòl li tankou National Honor Society, ekip espò, oubyen fè volontarya nan lekòl segondè. Li enpòtan anpil pou etidyan ou an toujou enplike li nan kalte aktivite sa yo pandan li nan invèsite a.

Invèsite Florid la ofri anpil opòtinite nan sans sa, soti nan òganizasyon etidyan nan domèn kilitirèl rive nan klèb espò. Aktivite sa yo enpòtan anpil pou ede etidyan ou an devlope kèk konpetans tankou kapasite pou travay nan ekip, byen kominike, epi rezoud pwoblèm. Si etidyan ou an gen difikilte pou li enplike li nan aktivite sa yo, ou ka sijere li resous sa yo:

- Genyen 3 prensipal aktivite etidyan yo kapab patisipe ki se Òganizasyon Etidyan ak Evènman sou kanmpous la, Fratènite ak Soworite, epi Sant David ak Wanda Brown pou Lidèchip ak sèvis. Genyen plis pase 900 òganizasyon etidyan ki enplike nan 3 domèn sa yo:  
[www.studentinvolvement.ufl.edu](http://www.studentinvolvement.ufl.edu)
- Jwèt espò yo ofri anpil eksperyans ki anrichi lavi etidyan yo atravè egzèsis fizik, match ak konpetisyon espò. Etidyan yo kapab patisipe nan klèb espò, chanpyona ant etidyan, egzèsis konstriksyon an ekip, e plis bagay ankò.  
[www.recsports.ufl.edu](http://www.recsports.ufl.edu)
- Nou genyen Biwo Miltikiltirèl ak Divèsite ki ofri yon latrìe sèvis, bous detid, fòmasyon, sipò, enfòmasyon, aktivite ak angajman pou etidyan yo. Biwo sa se yon kolaborayon ki reyini Institute of Black Culture; Institute of Hispanic-Latino Cultures; Lesbian, Gay, Bisexual, and Transgender Affairs; Asian Pacific Islander American Affairs; ak Intercultural Engagement.  
[www.multicultural.ufl.edu](http://www.multicultural.ufl.edu)
- Gator Athletics se yon pati enpòtan nan Invèsite Florid. Etidyan yo mete ansanm pou sipòt ekip espò invèsite a. Tout etidyan ki enskri nan invèsite a kapab patisipe nan tout evènman espòtif yo gratis (eksepte foutbòl) gras avèk kat idantite Gator1 yo. Pou patisipe nan match foutbòl yo, etidyan yo kapab achte tikè nan gichè a.  
[www.gatorzone.com](http://www.gatorzone.com)

### → SIJÈ POU FANMI YO DISKITE


#### ANPIL ETIDYAN RANTRE NAN INVÈSITE POUKONT YO, OUBYEN AK KÈK KAMARAD KITE NAN LEKÒL SEGONDÈ

**AVÈK YO.** Se pa yon pwoblèm si yon etidyan rantre nan invèsite kote li pa konn pèsòn moun. Ankouraje etidyan ou an pou li pwofite premye semèn nan sesyon an pou yo kreye lyen avèk kamarad ki pataje menm apatman ak li epi ak kamarad nan klas li yo. Zanmi kapab sipòt yo nan invèsite a, espesyalman zanmi ki pataje menm enterè ak yo. Ankouraje etidyan ou an pou li familyarize li avèk òganizasyon etidyan ki egziste nan Invèsite Florid yo se yon bon mwayen pou li kòmanse fè zanmi ak lòt etidyan nan Invèsite Florid. Si ou eksprime lajwa ak kontantman ou paske pitit ou a ap etidye nan Invèsite Florid, sa kapab ede l pi byen adapte l nan lavi invèsite a.



Anplis kou nan klas ak aktivite sou kanmpous la, nou konprann sa ka rive etidyan ou an genyen lòt angajman ki pa lye ak invèsite a tankou travay ak fanmi. Nou konnen etidyan premye jenerasyon nou yo toujou kontinye fè ekilib ant responsabilite yo genyen lakay ak etid yo. Menmsi nou ankouraje etidyan nou yo pou yo bay lekòl yo priyorite, men n ap ede yo chache dyòb epi rete an kontak ak fanmi yo e ak kominate yo. Nou pwopoze yo dyòb ki pa depase 20tèdtan chak semèn, yon fason pou yo kapab travay pandan y ap kontinye bay bon randman nan lekòl la.

- Dyòb sou kanmpous la se yo ki pi bon pou etidyan yo paske orè yo kapab chanje fasilman epi nan zòn yo plase a pèmèt etidyan yo pa bezwen deplase. Etidyan yo kapab jwenn yon dyòb nan divès depatman ak biwo ki sou kanmpous la; e souvan jòb sa yo nan kategori OPS (Others Personnel Services). Gen kèk etidyan ki ka gen posiblite pou travay gras ak èd finansyè yo jwenn sou fòm Federal Work Study Positions [www.sfa.ufl.edu/types-of-aid/employment](http://www.sfa.ufl.edu/types-of-aid/employment)
- Etidyan yo gen posiblite tou pou yo jwenn dyòb deyò kanmpous la nan plizyè domèn, toupatou nan Gainesville. Men etidyan yo dwe toujou sonje pou yo konsidere kantite tan y ap pase nan dyòb la ak zòn dyòb la pozisyone l la. Nou konseye etidyan yo pale ak bòs yo sou orè kou yo nan invèsite a. Etidyan yo ap resevwa kopi silabis pou chak kou nan kòmansman sesyon an. Silabis sa ap genyen dat egzamen ak tès yo, epi dat pou yo remèt tout devwa. Etidyan yo ta dwe toujou planifie alavans pou dyòb yo pa pran pye sou aktivite lekòl yo.
- Relasyon ak fanmi e ak kominate a enpòtan anpil, e yo souvan pote motivasyon pou etidyan premye jenerasyon yo. Wòl etidyan ou an jwe nan fanmi li fè pati idantite li, men pafwa tou sa kapab anpeche li byen fè tranzisyon nan invèsite a. Anpil fwa etidyan yo sonje lakay yo anpil sitou lè yo apèn rantre nan invèsite a. Pi bon fason pou yo rete konekte avèk ou se ran ou vizit epi kominike avèk ou, men yo pa dwe fè sa twòp. Etidyan ki al vizite paran yo chak wiken rankontre plis difikilte nan etid yo epi pa gen ase tan pou yo fè zanmi sou kanmpous la. Nou ankouraje etidyan yo pou yo konsantre sou etid yo epi kreye relasyon nan invèsite a. Sa ap ede yo byen itilize tan y ap pase isit la nan invèsite a epi byen pwofite wiken ak konje yo al pase avèk fanmi yo.



## APRANN BYEN DEPANSE LAJAN

Depans pou etidye nan inivèsite se pa yon jwèt. Inivèiste koute chè anpil. Chak inivèsite kalkile anviwon ki kantite lajan etidyan yo dwe peye pou etid la pou yon lane. Pri inivèsite a genyen ladan lajan pou swiv kou yo, kay pou rete, liv, elatriye. Gen plizyè estrateji pou etidyan yo peye inivèsite. Premye etap pou ou jwenn lajan se ranpli yon fòmiliè pou aplike pou èd gratis gouvènman federal la ki se free **Federal Application for Student Federal Aid (FAFSA)**.

Aplikasyon sa ap pran enfòmasyon sou lajan fanmi w fè epi byen ou posede. Aplikasyon FAFSA ouvri chak ane apati premye Oktòb. Se Ministè Edikasyon ki trete dosye yo epi detèmine si etidyan ou an kalifye pou èd finansyè gouvènman an. Apresa, FAFSA ap voye rezulta aplikasyon yo nan biwo èd Inivèiste Florid la. Bò kote pa I, Biwo sa ap detèmine ki kantite lajan èd etidyan an ap resevwa anplis sou fòm sibvansyon, bous, prè. Pou etidyan ou an kapab kalifye pou èd sa yo, li dwe soumèt yon aplikasyon FAFSA san fot avan 5 desanm chak ane. Nou konseye etidyan yo pou yo finn ranpli aplikasyon an pou pi ta 1 desanm, yon fason pou yo kapab genyen ase tan pou fè tout pwosesis la. Gen enfòmasyon sou fason pou kalkile taks ki disponib sou sit entènèt la: [www.fafsa.gov](http://www.fafsa.gov)

### ÈD FINANSYÈ YO PREZANTE SOU PLIZYÈ FÒM:

- **SIBVANSYON:** Lajan sa pa bezwen remèt. Se gouvènman federal ou byen yon eta ki bay lajan sa sou baz bezwen yon etidyan.
- **BOUS:** Lajan sa pa bezwen remèt non plis. An jeneral se konpayi prive oubyen òganizasyon, oubyen menm Inivèsite Florid ki bay li.
- **PRÈ:** Se lajan yon etidyan kapab prete labank pou peye inivèsite. Lajan sa dwe remèt avèk enterè. Lè se gouvènman an ki bay prè a, li gen plis konpasyon epi to enterè a pi ba. Men prè ki soti nan antrepriz prive yo se yon bon opsyon tou.
- **FEDERAL WORK STUDY:** Se yon program ki pèmèt etidyan yo rantre lajan gras ak dyòb yo kapab fè nan yon pati nan jounen an sou kanmpous la.
- Biwo ki ap Regle Zafè Lajan pou Etidyan yo kreye yon dokiman chak ane sou kesyon ~èd finansyè an epi fè atelye avèk etidyan yo pou ede yo pi byen konprann èd yo resevwa a.

### → PWEN POU FANMI YO DISKITE

**RAPLE ETIDYAN OU AN POU LI REVIZE APLIKASYON FAFSA A CHAK ANE.** Depi ou finn ranpli aplikasyon FAFSA yon premye fwa, apresa li fasil e rapid pou ou ajoute nouvo enfòmasyon ladan I. Ou kapab mete ladan I menm enfòmasyon ou te bay premye fwa a, si ou pa prevwa ap gen gwo chanjman nan lajan ou rantre. Ede etidyan ou fè bidjè sou lajan li. Èd finansyè li resevwa dwe itilize sèlman nan zafè lekòl. Inivèsite koute anpil lajan e pafwa etidyan yo konn santi yo oblige ede fanmi yo. Sa ap plis ede etidyan yo lè paran yo konprann chaj tout depans inivèsite yo reprezante pou etidyan yo epi ede yo pran bon desizyon ak lajan yo.

# 4

# APRESYE RASIN YO KÒM ETIDYAN PREMYE JENERASYON

Etidyan premye jenerasyon yo anbake nan yon eksperyans ki ap pote gwo chanjman nan lavi yo ak lavi fanmi yo. Lè yo gen bon konesans sou kòman idantite yo kòm yon etidyan premye jenerasyon gen enpak sou yo e fè yo moun yo ye jodi a, sa se yon etap enpòtan ki ap pemèt yo devlope kapasite yo kòm etidyan, granmoun epi pwofesyonèl. Idantite etidyan ou an konstwi avèk plizyè eleman, pamì yo, idantite premye jenerasyon li an ki kontre ak tanperaman li pran depi lakay li. Pandan y ap etidye nan inivèsite a, etidyan premye jenerasyon yo dwe pwofite eksplor tout aspè nan idantite yo.

- Nou gen pwogram pou pèmèt etidyan yo al etidye nan peyi etranje. Se yon bon okazyon pou yo dekouvri lòt kilti epi swiv kou nan inivèsite, ki pra I konte nan palmarès yo. Gen anpil pwogram kote etidyan yo kapab ale nan plizyè peyi pandan sesyon Otòn, Prentan, ak Ete san konte pandan ti kout peryòd konje tou. Si se pat gras ak inivèsite, anpil etidyan premye jenerasyon pat ap jwenn opòtinite pou vwayaje aletranje. Lè yo patisipe nan Pwogram Etidye Aletranje yo, etidyan premye jenerasyon ap kapab eksperimente yon peyi ki konplètman nouvo, apresye kilti li epi genyen plis konpreyansyon sou mond la ak idantite yo. Gen bous ak plizyè lòt opsyon finansman ki disponib pou pwogram sa yo. Anpil fwa, etidye aletranje pa koute pi chè pase kantite lajan yon sesyon koute nan inivèsite a. Nou ankouraje etidyan yo, depi lè yo nan premye oubyen 2èm ane, pou yo kòmanse pale ak konseye akademik yo si yo enterese al etidye aletranje. Menmsi pa gen okenn règ ki etabli sa, men pi fò etidyan al fè eksperyans aletranje pandan yo nan 2èm ak 3èm ane inivèsite.
- Gatorship se yon retrèt ki fèt nan yon weekend. Se yon pwogram entansif ki base sou developman kapasite lidèchip etidyan an gras ak aktivite ki louvri espri yo epi enkouraje yo diskiste sou kesyon ras, sèks, reliyion ak idantite. [www.multicultural.ul.edu/programs/gatorship](http://www.multicultural.ul.edu/programs/gatorship)
- Somè Premye Jenerasyon an se yon retrèt ki fèt pandan tout yon jounen. Pwogram sa aprann moun ki kapasite yo genyen pou yo pale sou istwa lavi yo epi enpòtans kesyon idantite genyen pou etidyan premye jenerasyon ki nan inivèsite. Somè sa vize etidyan premye jenerasyon ki nan premye ak dezyèm lane inivèsite.

## → SIJÈ POU FANMI YO DISKITE

**RAPLE ETIDYAN OU AN OU FYÈ DE LI E KONTAN WÈ WOUT L'AP AVANSE LADAN L LAN.** Ankouraje li pou anbrase tout aspè idantite li epi pou li jwenn oswa chache sipò nan kominote li, lakay li ak nan inivèsite a. Malgré tout etidyan premye jenerasyon se premye moun nan fanmi yo ki ale oswa gradye nan inivèsite, chak etidyan pote yon kilti ak eksperyans inik avèk yo. Lè etidyan sa yo jwi eksyeryans inivèsite oswa eksplor opòtinite yo genyen, etidyan sa yo ap kapab konstwi tèt yo epi devlope talan yo ki fè yo vin yon moun endependan.





# YON REZO SIPÒTÈ KI GEN KÒLÈG AK GRANMOUN MENNTÒ

Plis pase 10% popilasyon ki nan invèsite a se etidyan premye jenerasyon yo ye. Ou jwenn tou anpil pwofèse ak manm pèsonèl invèsite a ki se premye jenerasyon. Etidyan premye jenerasyon yo ka konekte youn ak lòt gras ak eksperyans e difikilte yo rankontre pou rantre epi pou rete nan invèsite a. Youn nan eleman yo konsidere ki kontribye nan sikè etidyan premye jenerasyon nan Invèsite Florid la se lè yo entegre yon kominate. Etidyan w lan gen posiblite rantre nan òganizasyon Premye Jenerasyon (FGO). Organizasyon sa egziste pou ankourage yon kominate ki reyini divès kalte etidyan ki se premye moun nan fanmi yo ki ale nan invèsite. Objektif la se bay etidyan sa yo opòinite pou ranfòse pwòp tèt yo, montre yo kòman pou vinn yon bon etidyan, ak devlope kapasite lidèchip yo pandan y'ap remèt invèsite a epi mond lan sa yo te resevwa.

Fè zanmitay ak kamarad klas ki se etidyan premye jènerasyon se yon fason pou etidyan ou a ka rankontre lòt moun ki viv menm eksperyans ak li. Tranzisyon nan invèsite souvan vin pi fasil lè etidyan fè gwoup ak kamarad klas li yo. Pwosesis pou ale nan inèsite difisil pou tout etidyan epitou presyon pou li mete li alèz nan espas sa ka lakòz anpil estrès. Lè etidyan ou an rantre nan òganizasyon tankou FGO, sa ka ede li viv eksperyans lan nan fason ki plis pèsonèl. Youn nan aspè ki enpòtan pou etidyan premye generasyon se jan yo ka pòte chanjman ak louvri pòt pou lòt moun. Anpil etidyan premye jenerasyon ki nan Invèsite Florid la genyen yon lavi sosyal ki aktif, yo patisiye nan fè benevolà nan lekòl segondè nan zòn nan oswa lòt kote. Sa se yon fason pou yo ede jèn elèv premye jenerasyon pran chemen invèsite tou, menm jan ak yo.

Anplis de sa, Division of Student Affairs loje ofis First Generation Student Support. Anplwaye ofis sa gen pou objektif pou ogmante enskripsyon etidyan preme jenerasyon nan Invèsite Florid pandan yo mete disponib diferan resous pou etidyan premye jenerasyon ki nan invèsite a pou ede yo reyisi.

<http://firstgeneration.ufsa.ufl.edu/>

## KÈK RESOUS ETIDYAN PREMYE GENERASYON OFRI:

- **KONSEY** - Etidyan yo ka antre nan biwo a pou pran randevou avèk youn nan anplwaye Sipò pou Etidyan Premye Jenerasyon yo. Anplwaye yo disponib pou ede elèv yo ak eksperyans yo nan invèsite a.
- **AKADEMI PREMYE JENERASYON (FGA)** se yon pwogram lidèchip ki dire pandan tout yon lane epi ki anseye moun pou pran konsyans sou tèt yo, prepare yo pou karyè yo, ak devlope konesans yo sou mond lan. FGA louvri pou premye jenerasyon elèv ki nan 3yèm ak 4yèm lane.
- **PWOGRAM DEFANSÈ PREMYE JENERASYON** konekte etidyan premye jenerasyon ak pwofesè ak anplwaye ki travay nan inèvisite a pou sipòtè ak konprann bezwen etidyan premye jenerasyon ki nan Invèsite Florid. Sa a se youn nan pi bon fason pou etidyan kòmanse fè koneksyon ak pwofesè ak manm pèsonèl yo ki nan lakou invèsite a.

## → SIJÈ POU FANMI YO DISKITE

### FÈ DYALÒG SOU KÒMAN AK KIJAN EKSPERYANS YO YE LÈ YON MOUN SE YON ETIDYAN PREMYE

**JENERASYON.** Ankouraje etidyan sa pou li konekte ak lòt etidyan ki gen menm eksperyans ak li ak moun ki idantife tèt li kòm bon jan alye etidyan premye jenerasyon. Li bon tou pou rasire etidyan sa ke ou toujou ap ba li bon jan sipò epi fòk ou admèt ke ou ka pa gen tout repsons yo. Menm si sa kapab fè yo frikat pou yo abòde lòt moun fas a fas, rezo sosyal se kote ki kapab ede yo fè premye pa. Chita avèk etidyan ou a epi pran tan pou tcheke sit tankou Facebook (UF Florida Opportunity Scholars Program), Instagram(MFOSatUF), and Twitter (@MFOSatUF).



## BAY ETIDYAN YO BON JAN KONFYANS NAN TÈT YO POU YO KAPAB JWENN SIKSÈ

Gen plizyè milye etidyan premye jenerasyon ki gradye nan Inivèsite Florid. Genyen nan ansyen etidyan sa yo ki al fè metriz oswa doktora nan lòt inivèsite ak lekòl pwofesyonèl tankou dwa ak medsin. Gen lòt tou ki nan travay ki byen peye kote y'ap mete an pratik konesans yo te pran nan inivèsite a ak nan lavi yo. Biwo Sipò pou Premye Jenerasyon an kontan pou li gen yon rezo ansyen etidyan premye generasyon ki fè pati Pwogram Machen Florida Opportunity Scholars la. Konsa etidyan sa yo ap remèt sa yo te resevwa nan pataje ak elèv ki nan lekòl la eksperyans apre yo finn gradye nan Inivèsite Florid.

Youn nan lòt sèvis inivèsite a ofri etidyan premye jenerasyon yo se seyans Chita Pale ak Ansyen Etidyan yo. Chita pale sa yo fèt fasafas oswa sou Skype. Se yon moman pou ansyen etidyan sa yo kapab pataje eksperyans yo epi reponn kesyon sou tan yo te pase nan inivèsite a ak lavi yo kòm pwofesyonèl. Pou anpil etidyan, chita pale sa yo pote anpil enfòmasyon pou yo epi yo ede ranfòse kapasite yo, espesyalman lè nou konnen kijan sa enpòtan pou etidyan premye jenerasyon.

### → SIJÈ POU FANMI YO DISKITE

**SI ETIDYAN OU GEN DOUT SOU SIKSÈ LI KA GENYEN NAN LAVI LI**, ebyen li ta dwe tande yon moun ki te nan menm sitayasyon ak li, youn ou 2 lane anvan sa. Etidyan premye jenerasyon gen menm kapasite pou fè siksè ak etidyan ki pa premye jenerasyon. Konpetans yon etidyan premye jenerasyon pote nan inivèsite a - tankou rezilyans, detèminasyon, pasyon, endependans, ak pèseverans - se sa ki nesesè pou yon moun jwenn siksè nan kèlkeswa karyè li chwazi. Etidyan premye jenerasyon yo konn pafwa santi ke yo pa merite plas sa oswa yo pa ta sipoze ap fè enterakson ak etidyan parèy yo ak pwofesyonèl ki nan menm chan ak yo. Li enpòtan pou ede etidyan w lan konprann non sèlman li merite gen siksè ak gwo akonplisman, men sitou li byen prepare pou fè fas kare ak lavi a paske li pote yon idantite espesyal kòm etidyan premye jenerasyon.





## 7

## YON PLAN POU LAVNI KI GEN LADAN L OBJEKTIF SOU YON TI BOUT TAN AK YON TAN PI LONG

Anpil fwa etidyan yo konn doute yo ap rive gradye. Anvan yo te rantre nan inivèsite, chimen lekòl yo te sanse tou trase: lekòl elemantè, lekòl primè, lekòl segondè, epi inivèsite. Se premye fwa etidyan sa yo, yo pa konnen kisa demen pote.

Inivèsite Florid ofri anpil resous pou prepare etidyan yo pou fè fas kare ak lavi a. Sant Koneksyon Karyè (C3) ouvri pou tout etidyan ak ansyen etidyan pou ba yo konsèy sou karyè yo. C3 ofri anpil sèvis tankou korije CV, entèvyou, ak fwa sou karyè. C3 a tou gen yon bibliyotèk ak anpil resous. Anplis de sa, C3 a ede etidyan yo konekte ak konpayi kap cheche etidyan ki gen anpil konesans, pou ofri yo bon djòb. [www.career.ufl.edu](http://www.career.ufl.edu)

Gen menntò ki disponib nan inivèsite a pou gide etidyan yo nan kèleswa domèn yo ap etidye a. Etidyan premye jenerasyon yo souvan gen kesyon sou ki jan yo ka reyalize objektif karyè yo. Anpil etidyan konnen ki kote yo vle ale, men yo manke konesans sou ki jan yo ka rive la. Nou ofri yon pwogram ki rele Life Coach Program ki la pou ede etidyan premye jenerasyon ki nan twazyèm ak katriyèm lane. Chak etidyan fè yon pè ak yon manb nan fasilte a, anplwaye, oswa ak yon ansyen etidyan pou resevwa konsèy nan planifikasyon lavi yo apre gradyasyon. <http://firstgeneration.ufsa.ufl.edu/life-coach/>

Estaj se yon opòtinite pou etidyan ou a fè eksperyans travay nan karyè li pandan li ap batì konpetans pwofesyonèl li ak CV li. Estaj ka fè moun jwenn travay ak louvri pòt pou fè rezo epi devlope relasyon pwofesyonèl. Li enpòtan anpil pou etidyan premye jenerasyon fè estaj paske yo ka pa jwenn lòt chans pou yo obsève moun ki nan pwofesyon yo ak fè eksperyans nan karyè yo ta renmen. Etidyan yo gen posibilité pou fè estaj pandan anpil oubyen yon ti bout tan nan ane a. Menm si gen etidyan ki chwazi fè estaj pandan sesyon yo, men pi bon moman pou fè estaj se lè yo pa gen kou ankò oswa lè vakans. Etidyan yo ka jwenn òpotine pou fè estaj nan C3 oubyen nan nenpòt fasilte ki nan inivèsite a. Gen kèk estaj ki peye moun epi gen lòt ki pa peye.

### → SIJÈ POU FANMI YO DISKITE

**LI ENPÒTAN POU ETIDYAN W LAN KONNEN OU PRAL KANPE DÈYÈ L KÈLKESWA** domèn li chwazi etidye nan inivèsite a epi karyè pwofesyonèl li deside pouswiv. Ankouraje etidyan w lan pou li byen planifie avni li. Youn nan aspè nan plan sa a ta dwe ankouraje etidyan pou li chache opòtinite pou fè rezo ak pwofesyonèl ki nan menm domèn ak yo epi fè estaj oswa obsève sa pwofesyonèl yo ap fè nan domèn lan. Ou ka chita ak elèv ou a pou ede li devlope objektif pou karyè li.

Men, sonje, ou ka gen diferan lide pou karyè yo. Alafen, ou vle etidyan w lan gen kè kontan, an sante, ak jwenn siksè. Karyè yo chwazi a ta dwe motive yo e ou ta dwe kapab tandem pasyon an nan vwa yo lè yo pale sou karyè sa a oswa sou sa yo ap etidye.



**UF**

UNIVERSITY OF FLORIDA  
**I am 1st**  
FIRST-GENERATION STUDENT SUCCESS